

# PLAN: Mattapan

Rezime Opinyon Piblik yo



# Rezime sou Reyinyon Kominotè

## Ekip Planifikasyon an te pataje yon pwojè pou PLAN: Mattapan nan dat 3 oktòb 2022

Yo te publiye pwojè a sou sit entènèt BPDA a (nan lang Anglè, Kreyòl Ayisyen, ak Panyòl) epi li ouvri pou opinyon publik. Ekip Planifikasyon an te fè rankont ak prezantasyon tou sou kontni ki nan plan pwojè an. Sa w pral wè pi ba a se yon rezime angajman kominotè a ki disponib pou rasanble opinyon moun genyen sou pwojè a:

- Prezantasyon Vityèl pou gwoup sivik katye Mattapan lan pandan mwa Oktòb 2022 a
- Konferans Anyèl Ayisyen Ameriken Ini yo
- 3 Konvèsasyon Ak yon Planifikatè nan Bibliyotèk Mattapan nan (an pèsòn)
- Depo dokiman nan kad evènman kominotè yo (Mattapan Boys & Girls Club, evènman Mattapan Main Streets ansanm ak pwopriyetè biznis yo)
- 2 sesyon diskisyon:
  - ❖ 1 an pèsòn an kowòdinasyon ak Caribbean Integration Community Development (Devlopman Kominotè pou Entegrasyon Karayib la)
  - ❖ 1 anliy ak River Street Civic Association (Asosyasyon Sivik River Street la)

**Yo te pwolonje peryòd pou pataje opinyon publik sou plan pwojè a yon fwa, epi dènye dat limit la se te 5 desanm 2022.**

# Rezime Opinyon yo:

Nan opinyon yo sou rekòmandasyon pwojè yo, bagay sa n pral site yo te ankouraje moun yo...

- **Amelyorasyon sou koze sekirite pyeton yo**, sitou nan zòn pou nouvo pasaj pyeton yo
- **Vizyon katye an nan 10 minit**: chanjman nan repatisyon zòn yo ki pral pèmèt gen plis biznis lokal ak sèvis ki devlope nan tout Mattapan epi nan kote ki pi pre kote rezidan yo ap viv yo
- Konsepsyon iben ak estrateji repatisyon zòn ki **favorize objektif pou jistis anviwònmantal ak sante publik**: operasyon pou konbat efè zile chalè nan mitan vil yo, prezèvasyon ak amelyorasyon kouvèti pyebwa yo, epi operasyon pou konstwi plis espas lib ak espas vèt sou longè koridò yo tankou nan Blue Hill Ave.
- Estrateji ki **prèzève espas lib ak bote natirèl Mattapan** epi ki rann li pi fasil epi plis sekirité pou ale ladan yo apye oswa sou bekàn (Green Links Network)
- Chanjman nan repatisyon zòn ki pral **favorize yon devlopman a itilizasyon miks nan Mattapan Square**



# Rezime Opinyon yo:

Sijè sa yo se te pwen diskisyon prensipal nan kad patisipasyon kominote a oswa nan opinyon ki pataje yo...

- **Bezwèn ki genyen pou gen plis espas komèsyal/kiltirèl** ki ankouraje rankont pou moun tout laj
- **Bildin ki pa gen moun ladan yo ansanm ak pwopriyetè byen ki pa la** nan Mattapan Square epi sou Blue Hill Ave
- Amelyorasyon nan **espas publik Mattapan Square la**: operasyo ki fèt pi souvan pou ranmase fatra/nèj, antretyen nan pati devan lokal biznis yo, efò pou rann espas yo pi bèl
- Kreyasyon yon **Distri Sipèpozisyon Repatisyon Zòn a Devlòpman Entèlijan** (Chapter 40R) pou Mattapan Square
- **Blokis** sou Blue Hill Ave yo ak **plan Meri Vil la genyen pou rekonsepsyon wout la**
- Enpak **Inite Lojman Adisyonèl (Additional Dwelling Units, ADU)** yo ap gen sou kominote a, **fason pwoesis finansman pou ADU yo ap fèt**
- Enpak **devlòpman alavni** yo pral gen sou pèsonalite katye a genyen nan moman an
- **Rediksyon nan efè devlòpman an ak avantaj kominotè yo** nan pwojè ki gen pou wè ak Atik 80 yo
- Itilizasyon **sou-distri repatisyon zòn a konfò lokal yo**/lòt sant komèsyal yo epi siyifikasyon sa genyen pou Mattapan
- **Pwomosyon pou envite moun vin pwopriyetè lojman nan devlòpman** ki gen pou fèt alavni yo
- Favorize **opsyon transpò ki aksesisib epi sekiritè** ki rann li pi rapid epi pi efikas pou deplase ale lòt kote (nan sèvis pataj vwayaj nan machin epi sou bekàn, sèvis eksprès pou bis, elatriye)

# PLAN: Revizyon Mattapan yo

(prezantasyon 1 sou 2) Selon opinyon sa a, sa se fason ekip planifikasyon an revize PLAN: Mattapan:

- **Li ranfòse rekòmandasyon pou remete Mattapan Square sou pye yo** epi li ofri sipò pou biznis ki deja la ak sa ki gen pou kreye alavni yo, tankou antretyen, rediksyon nan kantite espas ki lib yo, epi oryantasyon pou vizyon alontèm yo (*paj 26-27, 30-31, 38-39*)
- **Li klarifye itilizasyon ak deskripsiyon repatisyon zòn a Konfò Lokal** epi li eksplike itilizasyon nouvo sant komèsyal yo (*paj 36-37*)
- **Li ajoute detay pou opòtinite ki ap ogmante pou aktivite atistik piblik** epi evènman kiltirèl nan sant ak koridò yo (*paj 30 & 46*)
- **Li vini ak lòt direktiv nan konsepsyon pou sektè rezidansyèl Mattapan lan**, san wete paramèt pou konstriksyon lojman entèmedyè yo, egzijans pou pakin yo ak, konsepsyon peyizaj (jaden) (*paj 70-71*)
- Li klarifye direktiv konsepsyon iben pou pi gwo pwojè rezidansyèl nan sant yo ak koridò yo, tankou bezwen ki gen pou ogmante espas lib ki ka itilize a (*paj 35, 56-57*)



# PLAN: Revizyon Mattapan yo (suit)

(prezantasyon 2 sou 2) Selon opinyon sa a, sa se fason ekip planifikasyon an revize PLAN: Mattapan:

- Li te ranfòse **rekòmandasyon pou konsève nivo kapasite pou moun vin pwopriyetè kay yo wo epi pou kreye nouvo opòtinite pou moun vin pwopriyetè kay** (*paj 66-67*)
- **Detay sou vizyon pou ADU yo** ak egzanp nan vi reyèl la (*paj 72-77*)
- Li te ajoute plis detay nan rekòmandasyon Jistis Anviwònmantal yo, sitou nan sa ki gen pou wè ak **ogmantasyon enfrastrikti vèt yo ak plant y ap plante sou arebò sant ak koridò yo** (*paj 29, 44 ak 66*)
- Li te ajoute **detay nan rekòmandasyon pou sant mobilite yo** (*GoHubs!, paj 32*)
- Lòt **detay sou sa ki gen pou wè ak sekirite pyeton yo sou tout longè koridò yo**, san wete rekonstriksyon twotwa yo (*paj 58-59, 81*)
- Lòt **detay sou pwojè yo dejá travay sou yo** ki sантre sou ogmantasyon kapasite pou moun vin pwopriyetè kay, amelyorasyon mobilite (deplasman) an sekirite epi efikas, ak ogmantasyon aktivite atistik publik (*paj 80-81*)



Atis adolesan yo prezante penti sou mi yo te fè pou Pwojè Atistik Piblik Mattapan lan, yon inisyativ ki kreye atravè PLAN: Mattapan:

# Fason PLAN: Mattapan reponn

PLAN: Mattapan se vizyon ak rekòmandasyon katye a genyen sou fason yo dwe dirije devlòpman ak kwasans Mattapan pou ti kantite ane k ap vini yo.

Sa ki pi ba yo se pwoblèm PLAN: Mattapan abòde yon fason dirèk yo:

- Rediksyon nan efè devlòpman an ak avantaj kominotè yo nan pwojè ki gen pou wè ak Atik 80 yo
- Definisyon repatisyon zòn a Konfò Lokal yo epi eksplikasyon vizyon/rezulta lòt sant komèsyal ki ajoute yo
- Direktiv konsepsyon iben yo pou pi gwo pwojè rezidansyèl ak konstriksyon lojman entèmedyè yo
- Direktiv devlòpman pou plas, koridò ak sektè rezidansyèl Mattapan yo



PLAN: Mattapan konsantre sou repatisyon zòn ak direktiv devlòpman ki pral pèmèt plis konstriksyon a itilizasyon miks epi ki pral vin ak yon pi gran kantite itilizasyon komèsyal ak kiltirèl nan plas ak koridò Mattapan yo.

# Fason PLAN: Mattapan reponn

PLAN: Mattapan se yon resous ki enpòtan pou Vil la ak devlopè yo, men li sèlman youn nan kontra, plan ak pwogram ki pral sipòte kwasans Mattapan nan moman an epi alavni.

Sa ki pi ba yo se pwoblèm yo pa kapab abòde sèlman atravè PLAN: Mattapan epi yo pral mande pou gen plis sipò ki bay oswa pou Vil la oswa lòt antite fè plis etid, antite tankou MBTA oswa DCR:

- Pakin ak Blokis sou Blue Hill Ave yo ak plan Meri Vil la genyen pou rekonsepsyon wout la
- Enpak Inite Lojman Adisyonèl (Additional Dwelling Units, ADU) yo ap gen sou kominate a, fason pwosesis finansman pou ADU yo ap fèt (yon etid anplis sou ADU yo ap nesesè)
- Favorize opsyon transpò ki aksesib epi sekirité ki rann li pi rapid epi pi efikas pou deplase ale lòt kote (nan sèvis pataj vwayaj nan machin epi sou bekàn, sèvis eksprès pou bis, elatriye)
- Ankouraje devlòpman komèsyal ki pi divès nan Mattapan Square, solisyon ak aplikasyon prensip sou pwopriyetè byen ki pa la yo, bildin ki pa gen moun/ki pa an bon eta yo, antretyen espas publik yo
- Fè pwomosyon opòtinite pou moun vin pwopriyetè kay nan nouvo devlòpman (konstriksyon) yo
- Ogmane pwoteksyon anviwònman nan rezèv natirèl Mattapan yo, sitou sou longè Rivyè Neponset la.